



Mwen malad

Ki kote pou m jwenn swen? Kòman m fè konnen kote pou m ale?

M ap jwenn yon lis ki gen tout etablisman ak pwofesyonèl sante ki toupre kote m rete a sou <http://annuairesante.ameli.fr>



Kay yon pwofesyonèl sante ki pa lopital la

Pou nenpòt pwoblèm sante, ou gen posiblité al kay yon medsen « jeneralis » ki pral egzamine w e ki pral preskri w medikaman ou bezwen yo. Li pral voye w kay yon medsen « espesyalis » oswa kay yon oksilyè medikal (enfimye, masè kineziterapèt, elatriye) si w bezwen lòt egzamen oswa lòt swen.



Nan famasi

Pou achte medikaman, kit doktè a oswa lopital la preskri yo, kit yo pa fè sa Pou mande konsey.

Li posib pou asirans maladi w la ka ranbouse w swen w ap peye pou yo. Gade paj 2 a pou konnen ki demach ou bezwen fè epi gade anba a la pou fè yon demann.



Lopital

Nan ka ijans

Pou kèk kalite egzamen oswa pou resevwa yon konsiltasyon nan men yon espesyalis, depi w gen randevou.



Nan yon etablisman kote w ap resevwa swen ki gratis, kèlkeswa sitiayson w

Pou tout kalite swen, nan sa yo rele pèmanans aksè ak swen sante (permanences d'accès aux soins de santé, PASS)

Pou fi ki ansent ak timoun ki poko gen 6 an: nan sant PMI

Pou tibèkiloz: nan sa yo rele sant pou goumen kont tibèkiloz (centre de lutte anti-tuberculose, CLAT)

Pou tès depistaj VIH, epatit ak IST: nan CeGIDD

Pou jwenn metòd kontrasepsyon: nan sa yo rele sant planing (centre de planification familiale, CPEF)

Pou adiksyon: nan CSAPA

Nan asosyasyon ki espesyalize.



Pou yon ijans medikal,

m ap rele 15 oswa 112 pou yo di m kote pou m ale selon sitiayson m nan.

Bagay ou bezwen konnen

Entèdiksyon diskriminasyon ak sekre medikal: pwofesyonèl sante yo (doktè, enfimye, dantis, elatriye) pa gen dwa pou yo refize ba w swen akoz kote w soti a. Mete sou sa, yo pa gen dwa bay okenn lòt moun enfòmasyon sou eta sante w, menmsi se ta otorite yo.

Medsen tretan: ou gen pou chwazi yon medsen ki pral responsab pou l suiv eta sante w. Konsa ou pral resevwa bonjan swen e y ap ka ranbouse w tou. Pale sa avè l depi nan premye konsiltasyon.

Yo pa gen dwa ni pou yo fè okenn kalite pwosedi medikal ni pou yo trete w san w pa resevwa tout enfòmasyon ou bezwen yo e san w pa di ou dakò pou sa.



Ki jan w ka jwenn yon asirans maladi k ap peye pou swen w yo?

An Frans, swen sante yo pa gratis, men ou ka benefisyé yon asirans maladi k ap peye pou yon pati, oswa pou tout depans sante w yo, selon sitiyasyon w lan. Mande kès primè asirans maladi a (caisse primaire d'assurance maladie, CPAM) plis enfòmasyon ak fòmilè ou bezwen yo, rele I nan 3646 (w ap peye pou nimewo sa a), oswa ale sou sit www.ameli.fr ak www.cmu.fr.

Enpòtan

- ✓ **Si pitit ou yo bezwen swen:** depoze yon demann bay CPAM san w pa bezwen tann asirans maladi w la. W ap gen pou prezante jistifikatif ak fakti swen yo pou yo peye pou li.
- ✓ **W ap gen pou bay yon adres fiks oswa mande yon organizasyon ki la pou sa yon adres san pèdi tan** pou w ka resevwa lèt yo pral voye w yo si w pa gen yon domisil fiks



Mwen pa gen tit sejou, lèfini mwen poko gen 3 mwa depi m Lafrans

Mwen dwe peye pou tout swen m yo...

...men mwen ka resevwa swen ki gratis:

- ✓ nan lopital la si m ansent oswa si m bezwen swen ki ijan, pa egzant pou yon blesi oswa yon maladi grav, yon maladi trapan (gal, tibèkiloz, elatriye), yon maladi kwonik (dyabèt, elatriye), oswa si m bezwen yon tretman ki mache ak medikaman...
- ✓ nan youn nan etablisman swen gratis yo mansyone nan paj 1.



Mwen pa gen tit sejou, lèfini mwen gen plis pase 3 mwa depi m Lafrans

Mwen mande CPAM m nan èd medikal Leta (aide médicale de l'État, AME).

Si mwen ranpli kondisyon yo (revni ki pa anpil ak yon prèv ki montre mwen gen plis pase 3 mwa depi m Lafrans), mwen pral jwenn yon kat AME. M ap gen pou m prezante kat sa a chak lè m mande swen (lopital, kay doktè, pou medikaman, elatriye). Y ap peye pou depans sante m yo. Mwen pap gen pou m peye anyen pou swen m yo, sof pou kèk medikaman (etikèt jòn abriko) epi, pou kèk kalite doktè, pou yon pati nan tarif konsiltasyon an.

Mande tarif yo anvan konsiltasyon an.

AME a gratis e li valid pou 1 ane.



Se annik pase m ap pase an Frans (eg: ak yon viza touris)

Mwen dwe peye pou tout swen m yo.

Mwen sipoze peye pou yon asirans prive pou l ka peye pou depans sante m yo, depi m ranpli kondisyon asirans lan bay pou sa.

Pou demann asirans maladi ou depoze bay CPAM (w ap gen pou kenbe yon kopí demann sa yo):

- ✓ **Nan fòmilè a, mete tout moun k ap viv sou kont ou e ki abite Lafrans pou yo ka benefisyé l tou.**
- ✓ Bay tout prèv ki montre ou abite Lafrans avèk non w ak yon dat (yon resi ki montre ou peye pou lwaye a fakti telefòn nan, òdonans doktè a, atestasyon nan men yon asosyasyon,...).
- ✓ Si w te resevwa swen oswa si w gen pou resevwa swen, mete fakti oswa sètifikasi medikal pou swen sa yo ansam ak dosye demann nan pou yo ka ba l priorite



Mwen gen yon tit sejou, lèfini mwen gen plis pase 3 mwa depi m Lafrans

Mwen mande CPAM m nan asirans maladi ak CMU konplemantè a.

Pou asirans maladi m nan, mwen pral resevwa yon papye yo rele « attestation de droits » (atestasyon dwa) ak yon kat yo rele « carte Vitale » (kat Vital). M ap gen pou m prezante kat sa a chak lè m mende swen pou yo ka ranbouse m yon pati nan depans sante m yo. Mande tarif yo anvan konsiltasyon an.

Pou yo peye pou tout depans yo nèt, mwen ka benefisyé yon asirans konplemantè:

- ✓ Si mwen ranpli kondisyon yo bay pou CMU konplemantè a (revni ki pa anpil ak yon prèv ki montre mwen gen plis pase 3 mwa depi m Lafrans), yo pral mete atestasyon m nan ak kat Vital mwen an ajou, epi yo pral peye pou tout depans sante m yo nèt. Mwen pap gen pou m peye anyen pou swen m yo. CMU konplemantè a gratis e li valid pou 1 ane.
- ✓ Si revni m twòp pou m benefisyé CMU konplemantè a, mwen gen posiblité peye pou sa yo rele yon « mityèl », e mityèl sa a pral ranbouse m swen m yo selon kontra mwen chwazi a.

Si m ap travay, si mwen mande azil, si se refijye m ye, si m ap etidye lekòl oswa si yon manm fanmi mwen gentan gen yon asirans maladi: mwen ka benefisyé asirans maladi m nan san m **pa bezwen tann 3 mwa depi m antre Lafrans.**